



Pou Piblikasyon Imedya: 18/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PLAN ISTORIK 20 MILYA DOLA POU KONBAT  
PWOBLEM SANZABRI A EPI KREYE LOJMAN ABÒDAB POU TOUT NOUYÒKÈ**

***Gouvènè a Siyen Lejislasyon k ap Atribiye 2.5 Milya Dola pou Fè Vanse  
Konstriksyon ak Prezèvasyon Plis Pase 110,000 Inite Lojman Abòdab ak  
6,000 Inite Lojman Sipèvize Pandan Senk Ane k ap Vini an yo***

***Plan Daksyon an Founi 7.5 Milya Dola pou Konbat Pwoblèm Sanzabri a ak Sipòte  
Pwogram Refij yo pou Rezidan nou yo ki pi Vilnerab nan Vil New York ak Atravè  
tout Eta a yo***

***L ap Envesti 125 Milyon Dola nan Nouvo Lojman pou Granmoun Aje yo;  
75 Milyon Dola pou Amelyore Pwopriyete Mitchell-Lama atravè New York yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse yon plan istorik 20 milya dola pandan senk ane, pou konbat pwoblèm sanzabri a epi fè vanse konstriksyon lojman abòdab nan Eta New York yo. Plan daksyon sa a posib gras a 2.5 milya dola nan finansman kapital yo te atribiye nan Bidjè Ane Fiskal 2018 la ki pral kreye ak prezève plis pase 110,000 inite lojman abòdab ak 6,000 inite lojman sipèvize pandan senk ane k ap vini an yo. Sa ap make pi gran envestisman nan kreyasyon ak prezèvasyon lojman abòdab ak efò pou mete fen a pwoblèm sanzabri a nan istwa New York.

“Lejislasyon sa a se yon gran pa vè lavan pou New York pandan n ap ranfòse efò nou ap fè pou nou konbat pwoblèm sanzabri a ak agrandi aksè pou fanm ak gason ak timoun ki pi vilnerab yo kalifye pou lojman abòdab”, **Gouvènè Cuomo te di.** “Lè nou fè gran jan envestisman konsa nan reyabilitasyon, prezèvasyon ak konstriksyon lojman sekirize ki abòdab yo, nou ap ouvri pòt pou rezidan ki gen revni fèb yo epi sipòte Nouyòkè k ap travay di nan tout rejyon atravè eta yo.”

“Founi Nouyòkè yo avèk lojman ki vrèman abòdab te yon pilye pou Ajanda Fanmi An Premye Majorite Asanble Eta New York la (New York State Assembly Majority’s Families First)”, **Pòt Pawòl Asanble a Carl Heastie te di.** “Pri lavi nan New York te rann anpil nan rezidan ki pi vilnerab nou yo vin sanzabri oswa a risk pou yo vin sanzabri epi lejislasyon sa a pral ede nou ralanti kous la epi fè chanjman ki enpòtan nan kominote nou yo. Lojman ki sekirize, san danje epi abòdab esansyèl pou kominote nou yo, epi mwen ta renmen remèsye espesyalman Manm Asanble Cymbrowitz, ki se

Prezidan Komite Lojman an, epi mèsè a tout Majorite Asanble a paske yo kontinye pran angajman pou rezoud pwoblèm sa a.”

Nouvo lejislasyon an founi 2.5 milya dola nan finansman pou fè vanse plan lojman 20 milya dola, sou plizyè ane Gouvènè a genyen pou konbat pwoblèm sanzabri a epi founi lojman abòdab. Pou ajoute sou apwovizyonman kritik lojman abòdab eta gen deja a, plan pran angajman 10 milya dola pou kreye ak prezève plis pase 110,000 inite atravè tout eta a, ki gen ladan l prèske 12,000 inite y ap kreye atravè pwogram New York Abòdab la (“Affordable New York”) yo fenk pwomilge a, sa yo te konn rele 421-a avan. Plan gen ladan tou yon angajman istorik 10 milya dola pou kreye 6,000 kabann nan nouvo lojman sipèvize yo, ki gen ladan 7.5 milya dola pou mete fen a kriz sanzabri a epi sipòte pwogram lojman yo, sibvansyon pou lwaye yo, ak lòt depans refij nan Vil New York ak atravè tout eta a yo.

Investisman istorik sa a ofri yon plan direktè transfòmasyonèl pou reponn a bezwen divès lojman nan New York yo, ranfòse pwoteksyon pou lokatè yo, epi kreye nouvo opòtinite pou fanmi ki gen revni fèb oswa modere yo. Finansman kapital yo te atribiye nan Bidjè Ane Fiskal 2018 la gen ladan:

**Lojman Sipèvize:** 950 milyon dola pou konstriksyon oswa fonksyonman omwen 6,000 inite lojman sipèvize atravè eta a.

**Nouvo Konstrikasyon:** 472 milyon dola pou nouvo konstrikasyon oswa reyitilizasyon adaptif lojman abòdab a lwe yo bay fanmi ki touche jiska 60 pousan revni medyan zòn kote yo ye a.

**Otorite Lojman Vil New York la (New York City Housing Authority, NYCHA):** 200 milyon dola pou pwojè ak amelyorasyon ki gen rapò ak devlopman lojman NYCHA posede oswa ap jere yo.

**NYC 100% Abòdab (NYC 100% Affordable):** 100 milyon dola pou konstrikasyon ak prezèvasyon 100 pousan inite abòdab nan Vil New York.

**Lojman pou Granmoun Aje yo:** 125 milyon dola pou devlope lojman abòdab ki sible granmoun aje ki gen revni fèb yo, ki gen 60 an oswa plis yo.

**Fon Investisman Kominote Riral ak Iben an (Rural and Urban Community Investment Fund):** 45 milyon dola pou devlopman lojman abòdab a itilizasyon miks ki ka gen ladan magazen an detay, eleman devlopman komèsyal oswa kominotè.

**Lojman pou Moun ki gen Revni Mwayen yo:** 150 milyon dola pou nouvo konstrikasyon, reyitilizasyon adaptif, oswa rekonstrikasyon lojman abòdab a lwe yo pou fanmi ki touche ant 60 pousan ak 130 pousan AMI yo (revni medyan zòn kote yo ye a).

**Prezèvasyon Lojman Abòdab yo:** 146 milyon dola pou reyabilitasyon sibstansyèl oswa modere nan lojman abòdab pou plizyè fanmi a lwe ki aktyèlman sou yon akò reglemantè yo.

**Reyabilitasyon Mitchell-Lama:** 75 milyon dola pou prezève ak amelyore pwopriyete Mitchell-Lama yo atravè tout eta a.

**Lojman Piblik:** 125 milyon dola pou reyabilitasyon sibstansyèl oswa modere ak/oswa demolisyon epi ranplase yo avèk nouvo konstrikasyon devlopman otorite lojman piblik la ap konstwi andeyò Vil New York yo.

**Konstrikasyon Ti Bilding yo:** 62.5 milyon dola pou reyabilitasyon ak/oswa demolisyon

ak ranplasman avèk nouvo konstriksyon bilding ki gen ant 5 ak 40 inite yo.

**Pwopriyetè Kay:** 41.5 milyon dola pou fè pwomosyon pou moun vin pwopriyetè kay pami fanmi ki touche revni fèb ak modere yo epi estimile devlopman, estabilizasyon ak prezèvasyon kominote New York yo.

**Lojman Mobil ak Lojman yo fabrike yo:** 13 milyon dola pou pwogram Lojman Mobil ak lojman yo fabrike yo.

**Pwogram Main Street yo:** 10 milyon dola pou estimile reyenvestisman nan pwopriyete ki sitiye nan distri komèsyal a izaj mikis ki sitiye nan ti vil iben ak zòn rural nan eta yo.

### **Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI)**

Anplis de sa a, Bidjè Ane Fiskal 2018 la kontinye angajman Gouvènè a pran pou l founi resous ak sèvis lojman sipèvize pou reponn a pwoblèm popilasyon vilnerab yo oswa popilasyon a risk pou yo vin sanzabri yo ap konfwonte yo. Yo te lanse ESSHI an 2017, se yon pwogram yo konspekyone pou finansse depans sèvis ak fonksyonman pou omwen 6,000 inite lojman sipèvize epi pou pi byen kowòdone resous k ap soti nan plizyè ajans eta yo k ap pèmèt pwogramasyon ak aplikasyon ki pi dinamik ak pi rapid.

Sèvis yo ofri atravè inisyativ sa yo gen ladan opòtinite pou anplwa ak fòmasyon, edikasyon parantal, konsèy sikolojik, fòmasyon sou konpetans pou viv endepandan, swen sante prensipal, tretman pou twoub abi sibstans ak swen sante mantal, gadri, ak defans pou ede jwenn asistans, sa yo se kèk egzanp nan sèvis yo ofri lokatè ki nan lojman sipèvize yo.

An 2016, New York te atenn yon rekò nan finansman pou kreyasyon ak prezèvasyon plis pase 17,000 lojman ak apatman abòdab epi li te premye emetè obligasyon nan peyi a avèk 2.8 milya dola obligasyon yo te emèt. Finansman Inifye Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal's Unified Funding) te akòde plis pase 122 milyon dola pou lojman abòdab nan zòn iben, rezidansyèl, ak zòn rural New York yo nan faz lojman li an. Yo fikse prim sibvansyon yo pou konstwi oswa prezève prèske 2,000 apatman abòdab ak rantabilize plis pase 450 milyon dola an resous piblik ak prive.

**Manm Asanble Steven Cymbrowitz, ki se Prezidan Komite Lojman Asanble a te di,** “Li enpòtan anpil pou sante ak establiite tout fanmi pou yo gen yon kote ki sekirize, ki abòdab pou yo viv. Plan anbisye sa a demontre angajman nou pran anvè finansman sèvis ak pwogram k ap ede asire tout Nouyòkè, ki gen ladan rezidan ki pi vilnerab yo, gen yon kote pou yo rete.”

**Senatè Betty Little, ki se Prezidan Komite Lojman Sena te di,** “Mwen trè kontan pou tout sa nou deja akonpli nan bidjè ane sa a an favè moun ak fanmi ki gen bezwen lojman abòdab atravè eta yo. Mwen te pase anpil mwa ane pase ak ane sa a nan rankont ak pati konsène yo ak diskisyon avèk patnè nou yo nan gouvènman. Sa a se anpil finansman epi nou te vle fè l byen. Lè nou fè sa a, nou rive atenn yon plan lojman global ki pral non sèlman touche, men nan anpil ka, ki pral transfòme lavi anpil moun

pou rann yo viv pi byen. Mwen kontan anpil pou m wè pwogrè ki pral fèt nan ane k ap vini yo pandan n ap mete plan senk an sa a an aplikasyon.”

**Gary LaBarbera, Prezidan Bilding ak Konstriksyon Konsèy Trades of Greater New York (Building and Construction Trades Council of Greater New York), te deklare:** “Nou kontan anpil pou nou rejwenn Gouvènè Andrew Cuomo jodi a pandan l ap siyen Abòdab New York la vin lwa. Gouvènè a te goumen epi li te genyen batay la pou asire nou konstwi lojman abòdab nan eta New York, epi pi enpòtan ankò, li asire sa pral fèt avèk sendika mendèv ki trè konpetan yo. Lojman abòdab te yon sib majè pou administrasyon sa a depi premye jou manda yo, epi mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li gen vizyon pou rann Abòdab New York vin yon reyalite. Lejislasyon an pral sipòte bon jan djòb pou klas mwayèn lan epi kreye estanda ak pwoteksyon pou Nouyòkè k ap travay di yo. Pandan n ap anboche frè nou ak sè nou yo pou yo ede konstwi yon New York ki pi solid avèk inite lojman sa yo – nou ap fè yon pa pi pwòch eliminasyon pwoblèm sanzabri a.”

**Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York la te di,** “Lejislasyon sa a pral non sèlman kreye lojman abòdab nou byen bezwen, men tou fanm ak gason k ap fè travay sa yo pral touche yon salè jis ki pral pèmèt yo viv nan menm vil y ap ede konstwi a. Nou remèsye Gouvènè Cuomo paske l te rasanble tout pati yo ansanm epi l ap asire yon rezilta ekita pou tout pati konsène yo.”

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal), te deklare:** “Jodi a nou fè yo gwo pa annavan nan lit kont pwoblèm sanzabri a ak ensekirite lojman an. Lejislasyon revolisyonè sa a ap ajoute sou angajman detèmine Gouvènè Cuomo pran pou l founi fanmi New York yo opòtinite pou yo gen yon avni ki pi briyan ki kòmanse avèk yon kote ki sekirize, ki abòdab pou yo viv. Plan 2.5 milya dola, pandan plizyè ane sa a pral pèmèt nou kreye epi prezève plis pase 100,000 lojman pou moun ki bezwen yo, epi respire yon nouvèl vi nan kominote toupatou atravè New York yo.”

**Brenda Rosen, ki se Prezidan ak PGD Breaking Ground lan te di,** “Tout moun merite gen yon kay. Breaking Ground aplodi Gouvènè Cuomo pou gran angajman sa ki pral ede anpil Nouyòkè ki nan bezwen pou yo gen yon dezyèm chans nan lavi yo. Nou wè efè transfòmatif yon lojman sekirize, estab, abòdab genyen sou sit ki gen sipò sou lèlye yo chak jou. Depi 1990, Breaking Ground te ede plis pase 13,000 Nouyòkè chape ak evite vin sanzabri, men travay nou poko fini epi nouvo angajman 2.5 milya dola pral ede nou tout fè menm plis ankò pou sila yo ki pi vilnerab nan vil nou an yo.”

**Laura Mascuch, ki se Direktè Egzekitif Rezo Lojman Sipèvize New York la (Supportive Housing Network of New York) te di,** “Avèk finansman sa a, Eta New York la te demontre yon angajman istorik anvè sila yo ki pi vilnerab nan eta nou an yo. Finansman sa a se yon investisman pwisan nan lavi Nouyòkè sanzabri yo ki ap tann yon kote ki sekirize ak abòdab pou yo viv, yon kote yo ka pran swen tèt yo ak fanmi yo epi pou yo ka kontribiye konplètman nan kominote yo. Kominote lojman sipèvize a felisite Gouvènè Cuomo pou vizyon ak lidèchip li nan pwomilgasyon pwogram lojman

abòdab ak lojman sipèvize anbisye sa a.”

**Jolie Milstein, ki se Prezidan ak PDG Asosiyasyon Lojman Abòdab Eta New York la (New York State Association for Affordable Housing) te di,** “Anba administrasyon Gouvènè Cuomo a, New York kontinye rete antèt peyi a nan founi lojman abòdab fanmi ki gen revni fèb ak modere yo byen bezwen. Nou rekonesan anpil anvè Gouvènè Cuomo ak Lejislati Eta a pou angajman detèmine yo pran anvè lojman abòdab la, epi nou atann pou nou travay avèk pati konsène yo atravè tout eta pou nou konstwi ak prezève lojman sekirize abòdab pou tout Nouyòkè yo.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418